

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung déskripsi nu geus ditepikeun dina Bab IV, bisa dicindekkeun tilu hal nu patali jeung kohési gramatikal dina novél *Siti Rayati* karya Moh. Sanoesi saperti ieu di handap.

1. Kohési gramatikal nyoko kana unsur basa anu dipaké pikeun ngagumulungkeun adegan wacana. Dina novél *Siti Rayati* karya Moh. Sanoesi kapaluruh aya 132 paragraf anu ngandung data kohési gramatikal.
2. Kohési gramatikal ngawengku opat wanda, nyaéta kohési référénsial, kohési substitusi, kohési élipsis, jeung kohési pararéisme. Kohési gramatikal référénsial kapaluruh aya 108 paragraf, anu ngawengku kohési gramatikal référénsial anaforis (72 paragraf) jeung kohési gramatikal kataforis (36 paragraf). Kohési gramatikal substitusi kapaluruh aya opat data, anu ngawengku substitusi provérba anaforis (2 paragraf) jeung subsitusi provérba kalakuan (2 paragraf). Kohési gramatikal élipsis kapaluruh aya 7 paragraf, anu ngawengku tilu rupa pola, nyaéta (a) pola sirnaan caritaan (4 paragraf), (b) pola sirnaan udagan (2 paragraf), jeung (c) pola sirnaan jejer (1 paragraf). Kohési gramatikal pararéisme miboga opat pola, nyaéta (a) pola pararél kalimah 1 jeung kalimah 2 (1 paragraf), (b) pola pararél kalimah 4 jeung kalimah 5 (1 paragraf), (c) pola pararél kalimah 1 jeung 3 (1 paragraf), (d) pola pararél kalimah 2 jeung 3 (2 paragraf), jeung (é) pola pararél kalimah 2 jeung 4 (1 paragraf).
3. Hubungan semantis kohési gramatikal kapaluruh aya dalapan rupa, nyaéta tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrasis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali generalisasi jeung tatali résultatif. Tatali kausalitas ngawengku tatali kausalitas *alesan-akibat* (6 paragraf) jeung tatali kausalitas *sabab-akibat* (5 paragraf). Tatali komparatif kapaluruh aya lima data paragraf, anu ngagunakeun kecap siga, kawas jeung hiji nu ngagunakeun lalandian. Tatali parafrasis anu kapaluruh aya 29 data paragraf. Tatali implikatif ngawengku tatali implikatif *latar-inklusif* (7

paragraf) jeung tatali implikatif *latar-kacindekan* (8 paragraf). Tatali identifikatif kapaluruh aya 15 data paragraf. Tatali aditif kapaluruh aya 47 data paragraf. Tatali generalisasi nyokok kana tatali generalisai *generik-spesifik* kapaluruh 1 paragraf. Tatali resultatif ngawengku tatali *sarana-hasil* (2 paragraf) jeung tatali *sarana-tujuan* (1 paragraf).

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadeskripsiun kohési gramatikal jeung hubungan semantis kohési gramatikal anu aya dina novél Siti Rayati karya Moh. Sanoesi. Didieu dijéntrékeun naon waé implikasi tioritis dumasar hasil panalungtikan. Wanda Kohési Gramatikal, dumasar kana tiori Sudaryat (2016, kc. 32) ngawengku opat wanda, nyaéta kohési référénsial, kohési substitusi, kohési élipsis, jeung kohési pararéisme. Tapi didieu kapaluruh aya sababaraha subwanda dina masing-masing wanda. Dina Réfénsial kapaluruh aya dua subwanda nyaéta référénsial kataforis jeung anaforis. Dina substitusi kapaluruh aya dua subwanda nyaéta nyaéta provérba anaforis jeung provérba anu nuduhkeun kalakuan. Dina élipsis kapaluruh aya tilu pola, nyaéta sirnaan caritaan, pola sirnaan udagan, jeung poa sirnaan jejer. Dina pararéisme anu kapaluruh aya (1) Pola Pararél Kalimah 1 jeung Kalimah 2, (2) Pola Pararél Kalimah 4 jeung Kalimah 5, (3) Pola Pararél kalimah 1 jeung 3, (4) Pola pararél kalimah 2 jeung 3, jeung (5) Pola pararél kalimah 2 jeung 4.

5.3 Rekomendasi

Dumasar kana ieu panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi sangkan panalungtik satulunya leuwih hadé sarta aya kamajuan dina proses nganalisis wacana, saperti ieu di handap.

- a) Kohési Gramatikal téh penting pisan dina wacana. Ku Kituna, panalungtikan ngeunaan kohési gramatikal téh kudu leuwih dijeroan deui.